



Indiana Pregnancy Promise Program

Promoting Recovery and Opportunity
Maternal Infant Support and Engagement

Kisa ki Pwogram Indiana Pregnancy Promise la?

Pwogram Indiana Pregnancy Promise la se yon program volontè gratis pou manm Medicaid ki ansent ki afekte pa twoub konsomasyon sibstans stipefyen aktyèlman oubyen anvan. Bi Pwogram Pregnancy Promise la se pou patisipan yo:

- Antre nan swen prenatal e abode lòt bezwen swen sante
- Aksede sèvis trètman pou soutni rekipasyon
- Resevwa sipò kontinye pou manman an ak bebe a pandan gwosès ak 12 mwa yo apre akouchman
- Bay lespwa e tabli yon fondasyon djanm pou lavni a

Poukisa Pwogram Indiana Pregnancy Promise la enpòtan?

- Twoub konsomasyon sibstans stipefyen se yon faktè prensipal nan lanmò matènèl nan Indiana
- Gen anpil fason efikas pou trete twoub konsomasyon sibstans stipefyen nan gwosès
- Trètman konsomasyon sibstans stipefyen pandan gwosès ka diminye risk ak efè ki domaje nan manman ak bebe

Kiyès ki ka patisipe?

Pwogram Pregnancy Promise la disponib pou fanm ansent nan eta Indiana a. Pou yo elijib, fòk patisipan yo satisfè kritè sa yo:

- Ansant oubyen nan lespas 90 dènye jou anvan fen gwosès
- Idantifye kòm moun ki konsome sibstans stipefyen aktyèlman oubyen anvan
- Elijib pou oubyen resevwa kouvèti sante Medicaid



Office of Medicaid
Policy & Planning

Finansman pou Pwogram pregnancy Promise la founi pa (pasyèlman) Divizyon Sante Mantal ak Adiksyon Administrasyon Sèvis Familyal ak Sosyal Indiana a ak Pwogram Pilòt Eta pou Fanm Ansant ak Pòspatòm pou Administrasyon Sèvis Abi Sibstans Stipefyen ak Sante Mantal federal la.



Indiana Pregnancy Promise Program

Promoting Recovery and Opportunity
Maternal Infant Support and Engagement

Ki benefis Pwogram Pregnancy Promise la?

- **Koneksyon:** Patisipan yo nan Pwogram Pregnancy Promise la pral konekte avèk yon manadjè dosye. Manadjè dosye yo pral ofri sipò konfidansyèl pandan anwòlman pou asire manman ak bebe yo resevwa swen ak resous yo bezwen pou yo an sante e pou yo byen.
- **Kowòdinasyon:** Manadjè dosye nan Pwogram Pregnancy Promise la pral travay ansanm ak patisipan yo ak ekip doktè ak founisè yo a pou kowòdone swen e idantifye resous kominotè pou fanmi yo.
- **Prevansyon:** Nan konekte fanmi ansent ak swen sante e trètman pi bonè ki posib, Pwogram Pregnancy Promise la vize diminye e anpeche enpak negatif nan konsomasyon sibstans stipefyan sou paran an ak timoun nan.

Pou refere tèt ou oubyen yon moun ou konnen, ale sou
www.PregnancyPromise.in.gov, imèl PregnancyPromise@fssa.in.gov,
rele 317-234-5336 oubyen rele apèl gratis 888-467-2717.



Office of Medicaid
Policy & Planning

ADMINISTRASYON SÈVIS FAMILYAL AK SOSYAL ETA INDIANA
402 W. Washington St., Sal W374, Indianapolis, IN 46204-2739
www.fssa.in.gov

Administrasyon Sèvis Familyal ak Sosyal Indiana a pa diskrimine sou baz ras, koulè, krayans, sèks, laj, andikap, orijin nasyonal oubyen zansèt.

#6369 | 22 Me 2025 8:56 am